



Pou Piblikasyon Imedya: 06/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU NOUVO RÈGLEMAN FACEBOOK YO POU PIBLISITE POLITIK YO

“Sistèm eleksyon nou an se kolòn vetebral demokrasi nou an, epi nou pa kapab rete chita an silans pandan ke antite etranje yo ap entèfere nan eleksyon nou yo. Semèn pase a, New York te vin premye eta nan nasyon an ki adopte pwojè lwa global ki ap mande transparans nan piblisite politik sou entènèt yo, epi konbat tantativ ke moun oswa antite etranje yo ap fè pou enfliyanse elektè yo.

Mwen felisite Facebook poutèt yo swiv egzanp New York epi fè sa ki kòrèk lan. Li vin deplizanpli klè ke rezo sosyo yo te vin tounen yon mwayen kle pou enfliyanse etranje ki danjere nan eleksyon nou yo, epi konpayi rezo sosyo tankou Facebook yo gen yon responsabilite pou fè tout sa yo kapab pou bloke li.

New York fyè pou li pran devan pou pwoteje sentete eleksyon nou yo. Fas a konplezans ak inaktivite gouvènman federal la, New York pral dirije. Epi jan jodi a te montre, jan New York ale, se konsa Nasyon an ale”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)